АБЫХЭМ ящыщу щыху 80-м щIигъуи илъэси 5-15 зи ныбжь сабийхэщ. Адрейхэр абыхэм я адэ-анэхэмрэ нэгъуэщI балигъхэмрэщ. Аxэр псори Осетие Ищхьэм хыхьэ Цхинвал, Лениногорск кьуэкIэм щопсэу.

Зи щыналъэр IэмалымшагъэкIэ зыбгына а щыху гулъыщхьэм Осетие Ищхьэрэ Аланиемк и Гъунагъэкъэм дежь щаIуцIащ КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Дыщэкl Мадинэ**. Абы зэрыжиIамкIэ, КЪБР-р хуэзырщ иджыри апхуэдизу щыху и щIыналъэм къыгъэкIуэну.

- Осетие Ищхьэм къыщыхъуа Iуэхугъуэхэм я ужькIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен гъэрапхъэм къикIа хьэщIэхэр, Адыгеим щыIэ лъэпкъ щэнхабзэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, къэфакIуэхэр, абыхэм я унафэщIэхэр. ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ **ПIэтIокъуэ Аслъэн** Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэпай Арамбий**, Рихьэнне къуажэм (Израиль) и унафэщIу илъэс 20-кIэ щыта **Гъыш Мамдух**, нэгъуэщIхэри. Репатриантхэм я махуэшхуэм иращIэкIа пэкIум апхуэдэу къыщыпсэлъащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и гъэзэщIакIуэ гупым хэт, жылагъуэ лэжьакIуэ щIэрыIуэ **Мэшхуэфl Пэждэт**. Ар къеджащ ди лъэпкъэгъуэ хэхэсхэм Хэкум зэрызахуигъазэ джэ псалъэм (текстыр нобэ тыдодзэ).

Сыхьэти 6-м нэблагъэкIэ екIуэкIа пщыхьэр яIэтащ Адыгэ Республикэм и районхэм къикIа артист ныбжьыщIэхэм, къэрал къэфакIуэ, уэрэджыкIуэ гупхэм. Къафэ зыбжанэ игъэзэщIащ Рихьэнне щыIэ Iуащхьэмахуэ ансамблим. Пщыхьэр зэхуащIыжащ къызэхуэса псори зыхэта джэгушхуэкIэ.

НЫБЭЖЬ Тансэ.

Адыгэ щIыгум и джэ псалъэ

УЭ УИ ныбжьу, псэбыдэ-лъэбыдэу къэнахэр куэд дыдэ хуэжьрыкIым, гъашIэ кIыхь лъэпкъым я нэгу щIэкIахэрэ ящIэкъым. Уэри гъэугуанэ гъэщIэгъуэн, хьэлъэ къэпкIащ, Мейкъуапэ щэнхабзэр цIыху лъэпкъым тыгъэ хуэпщIащ, уэ къэбгъэщIа зэхэтыкIэм и нэщIэн зырызхэр нобэ дунейпсо хабзэ хуэщIу, уи фащэ дахэр Кавказ лъэпкъхэм кхъыздащтащ, хэтъуэгум щымыщхэмэ зрагъэдахащ. АущIащ гъашIэ зэв ущрагъэуваи. Уи цIыху зыхэмыкIуэда, гъаблэ къэзымыгъэкIуэпIа лъэхъэнэ зэблэкIыгъуэ къыщыхъуакъым мы дунеижьым...

Иджыри дыхэрытыр лъэхъэнэ зэблэкIыгъуэщ, ауэ къыкIэрыгъуэ кхъыздэбэнкIахэм ар зэрахуэмыдэр. Ар уи насыпт къэгъэзэгъуэщ.

Хэхэс адыгэхэм зыкъзэрэгъэзыжьымкIэ нобэ Iэмал нэхъыбэ щыIэ хъуащи, фыхуущIэкъу ахэр кхъызэрывгъэсэбэпынымк. Урысыем и федерацэм хъыкIа адыгэ республикэхэм ди лъэпкъым къыхэкIа къэрал унафэщIэхэр я мащIэкъым. Лъахэгъу кхытхэхъуа ди мыпхэпкъгъуэр щыгъуэ махуэм кхыддощыгъуэ, ди гуфIэгъэнкIэ ящыдагъуэ. Зыльэп-къэгъуэгъуэ гъэщхьэхуэжьну Iэмал яIэщу, си бын хэхъуэр мафIэм кхыхIыщжащ Урысейм. Апхуэдэу ар толажьэ хэхэсым и анэдэтхъубзэр хъума зэрыхъунымк. Зигугъэ зи псэрэ ХэкужьыжькIэ къэгъэза хэхэс адыгэм Урысей Федерацэм и дахэ жеIэ, икIи абы и лъабжьэр кхъызыгрыIуэ федерал унафэщIэм я бжьыгъэ нэхъыбэ мэхъу, Урысейм я хэхэсхэр щыпсэу къэралхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр абы нэхъ быдэ ещI.

Лъэпкъым и насыпт къэгъэзэгъуэм ирихьалIэу уи лъахэм хуэблэжь Iуэхуфlэхэр нэхъ нэрылъагъу, кхыпэкIуэр нэхъ Iупщl мэхъу. Лъэпкъым и пашэу ущытыфыр насыпым и зы кьэкIуэкIащ, и зы Iыхьэщ. Ауэ иджырейхэм кхыифэщылъ лъэпкъ Iуэхухэр куэдкIэ нэхъ хьэлъэщ - лъэхъэнэм пщэрылъ кхыфщищащ хэхэс Iуэхущхэр къэшэжьнщ.

Зэи зыщIымыгъэгъупщэ Iэщщыбэм щыIэ дядэжьхэр егъэзыгъэр гъэпщIагъэкIэ Iэмэн пэIэщIэ зэращIар. Зыхэхуа лъэпкъхэм я хуэмэбжьымэ тIэкIуэхэр хъуамэ, ахэр фи къэущщI. Ахэр Хэкум зэрыхуэныкъуэм мынэхъ мащIэу сэри абыхэм сахуэныкъуэщI. Кьиин мыгъуаем фыпэщIэту сыкъэхъуамащ, щытхъэм кхъвлэжьащ, ауэ зыгурыIыгъуэ: сыфхуэзгъэзыным гъадэм кхъыщIа пщэрылъыр фымыгъэзащIэмэ, фи къэущхэр кхъевмышхлIэжмэ.

Си нитIым языхэзу хэхэс адыгэхэ! Жэщи махуи хамэщым фыхоткIыхь. ЗыгурыкIыуэ кхъвмыгъэзэжмэ, фызэрыкIуэдыпэнэр, фигу кхъвгъэжьыжьажьэ кIэрыщIэ зэрыхуеIр, ар зэрыадыгэ лIыгъэр. Зэхэфх си макъ, сэращ, щIы-гужьыращ, кхывдэжьр, адыгэпсэращ кхыифплъэрI Iъэпкъыпсэ-хэкупсэу си бынхэ! ФыкъыхсхуэкIуэж, фызэгъэжьхъуам и тхьэмыщкIэгъэгъэр лъэпкъ гуащIэу кхъэфщтэж!

● Щыщхьэ1ум и 10-р Ухуакlуэм и махуэщ

Илъэс къэс

Ди цIыхухэм я нэгу щIокI нужьрей илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ухуэныгъэ инхэр зэрыщIэтыр. Iуэхуфlэ жьджэру хэтщ республикэм и «Зыуэ щыт заказчикым и дирекц» ГПК-р. КъащIэтэжь, мылькуи и кьыхэкIыпIэ псоми я Хэкужьыжькъэ нэгъэзыгъэ едгъэкIуэкIащ сом мелардэ 2-р мелуанрэкъым щIигъу и уасэ. Абы щыщу зы мелардэ мелуан 457-рэ мин 313-р федерал сом мелуан 548,9-р республикэ бюджетым кьыхэдащ.

КЪБР-м УХУЭНЫГЪЭМРЭ арэстэрэмкIэ и министерствэм и зэфIэкIым хигъахъуэ зэпытщ. Республикэм и инвестицэ программэм ипкъ иткIэ, мы гъэм ди Iуэхущапсэм къыхуэутыныщащ сом мелардэ 3,5-рэ. Абы щыщу зы мелардэ мелуан 385-рэ мин 300-р республикэ бюджетым кьыхэкI.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Ухуакlуэ комплексым нэгъабэ хуэзэфIэкIахэм дрогушхуэ. Зы псалъэу жьытIэнщи, ахэр куэд мэхъу. Апхуэдэщ яубзыхуэ пIалъэм ята, Льасолпэ 2656-рэ зиIэ Iэмахуэ театрыр (Театр щхьэантIэр), Хьэсэней жылагъуэм дащIыхьа Щэнхабзэмкlэ уэрэфир, спортивнэ Уардэунэр, «Спартак» стадионым уэзыншагъэр щрагъэфIакIуэ и комплексыр, Мемориал аркэр, Налшык и инщэ-кьуэкъэ-пIащхьэблэм щрагъэуцуа нотелынэр, республикэм и щыхьэрым щата курыт еджапIэкIэр сабий гъэсапIэхэмрэ, Iсыгуэнсу кьыщызэIухаха амбулаторнэ клиникэ корпусыр, Гундэлэн щауха школыр, Iуащхьэмахуэ районым и спорт комплексыщIэр, Терскол поселкэм щыIэ IуэнапкъэхъумэкIэ и я гъэсэлъэр, «Азау - Кругозор» станцхэр зэпызыщIа кIапсэ гъуэгур, нэгъуэщI кхудэхэр.

Республикэм и инвестицэ программэм ипкъ иткIэ яджьыпсту долэжь икIи я проект тхьылъэр догъэхьэзыр псэуIэпхъэм, егъэджьныгъэм, узынщагъэр хуэмэным, щэнхабзэмкIэ, газ Iуэхум, зыгъэпсэхупIэхэм, нэгъуэщIхэмэ тещIыхьа объектыу 93-м. Мы гъэм хьэзыр тщIынурэ ттыныу а зи гугъу щIыным щыIэу 59-рэ, «Старый кругозор - Гарабаши» кIапсэ гъуэгур дутIыпщынущ. «Къуэкlыпl» зыфIэтщта щIыпIэм къэзыщIащ щыщхуэнущ. Абы и тхьылъэр хьэзырщ.

Илъэсым щыщу блэкIа мазищым республикэм щызэфIагъэщащ ухуэныгъэ-монтаж лъэкъащхуэ сом зы мелардэ мелуан 706,4-рэ и уасэ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъхьэнэм тхуэзэфIэкIам процент 6,9-кIэ щIегъуэ. АущIэм и кьыхэкIыпIэ псори зэхэту сом мелуан 477,4-рэ къагъэсэбэпащ, объектыщIэу 17 ятащ, Iуэхур езыгъэбжьмэуэну кьыгьэтэ инвестицэ жрэтэму 28-рэ я кьыхалъхьати, 9-р кьыхахащ.

Мы гъэм псэупIэу метр зэбгъэзэнатlэ мин 250-рэ тхуэтыну дыкьыгъэгъуэгъ. 2010 гъэм ирихьалIэу, а бжьыгъэ метр зэбгъэзэнатlэ мин 800-850-м нэдгъэсыну ди мурадщ. Уэ уэзыншхэм ирахьалIэ хэтр кьыщIэзыгъэжьхэм апэ мазищым продукцэу ягъэхьэзыращ икIи Iуэхуутхьэбзэу ящащ сом мелуан 327,8-рэ и уасэ.

«УнэгъащIэхэр псэупIэмIэ кьыз эгъэпщIын» зыхуэIэ программэ гуэдзэм ипкъ иткIэ, мы гъэм федерал бюджетым щыщу сом мелуан 82-м щIигъу, бюджет зэхэтым кьыщыхуэ мелуан 26,9-рэ кьыгIэрыхьэнущ, унэгъэ 426-рэ псэупIэмIэ кьыздэгъэпщынущ.

Инвестицэ программэм зэрыщыдэбзыхуэм тету мы гъэм сом мелардэ 2-рэ мелуан 693,6-рэ и уасэ лъжьыгъэ зэфIэдзэкIынущ, объектыщIэу 38-рэ ттынущ. Ахэр бжьыгъэ Iейкъым.

Мы Iэмалыр кьэзгъэсэбэпэу зыщэзыщынымкIэ хуэлажьэ ди ухуэныгъэм сезыхуэжьну сыхуейт узынщагъэ быдэ яIэу нобэ хуэдэ махуэ куэд ягъэльэпIэну, я мурадыфIхэм льэIэсу мы гъащIэм гу щахуэну.

БЕЙТЫГЪУЭНАнатолэ,
Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Зыуэ щыт заказчикым и дирекц» ГПК-м и ухуакIуэ и къуэдзэ, УФ-мрэ КЪБР-мрэ щIыхь зиIэ я ухуакIуэ.

Осетие Ищхьэм къикIа цIыхухэм щIэгъэкъуэн ягъуэт

● Гуэлъытэ

Осетие Ищхьэм къикIа сабийхэм гуапэу я1ущIащ Налшык щыщ бысымхэр.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

нэгъу республикэм щIэгъэкъуэн зэрыхуэхъунур жиIащ. Сабийхэр Налшык и зыгъэпсэхупIэхэм, санаторэхэм щыпсэунущ. Аxэр зыхуей-зыхуэфI псомкIи къызэрагъэпэщынущ. Зыми ищIэркъым ахэр сыт хуэдизрэ ди щIыналъэм щIэнымэ. Псори зэзыпытар абыхэм я щIыналъэм Iуэхур зэрыщекIуэкIыну зэрыщIэращ. Дауи, хуей хъумэ, сабийхэм Iэмал я1энуи ди республикэм и еджапIэхэм кIуэну, - къыхигъэщащ Дыщэкl.

Зыщэхьэхэ къыщыхъея щыIэпIэм кьиIэпхъуэкIа цIыхухэм я гъусащ Осетие Ищхьэм и Унафэщым и Къулыкъушхьэ **Чочиев Таймураз**.

- Налшык лъэпощIэнчэр щIэту щыту дыкъэсаущ жыпIэ зыщIэнущ, ауэ сабийхэр ялъэгъуа зэрызэхьэхэм игъэщтащи, иджыри къэс ахэр я нэгум щIэту. Щэч кьиутIыкъэркъым Къэбэрдей-Балъкъэрым абыхэм ней кьаазэрыщIытыну, - жиIащ абы. - Ди щIэ ин фхудощI мыпхуэдэу гуапэу фыкьызэрыгъэщIащ папщIэ. Дэри, ди сабийхэми фи дэIэпыкъуэгъэр зэи тщыгъупщэнукъым».

МЕЧИЕВ Асхьат,
КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Нобэ Физкультурникым и махуэщ

Спортым и щIэдзапIэ нэхъыщхьэ

Мы гъэм физкультурникым и махуэр псом хуэмыдэу Iэтауэ гъэлъэпIапхъэщ - ар пришхьалIэ Гъэмахуэ Олимп Джэгуэным я етIуанэ махуэм.

ИжЬ-ИжЬыЖ ГъанджэрэщIыхьу гъащIэм увыпIэшхуэ щыIэщ быдэ къарууфIагъэм. Нэхъ лъэрызехьэхэр езыхэм я жьыгъэхэм я мызакъуэу, щIыналъэ псоми щрыIуэ щыхъурт. Я къарур, щэрыуагъэр, Iэзагъэр щагъэлъагъуэ зэхъэзэхуэхэм щытекIуэн папщIэ пIалъэ кIыхькIэ загъасэрт.

СССР-м и Щыхьэ комиссарэм я Советым и унафэкIэ яп ди цIыхубзэ Физкультурникым и махуэр ягъэтхьапIауэ щытащ 1959 гъэм. Абы пIандзэрэ щыIащ мы Iэнатlэм хуабжьу зыкъыщIэтан, Iэпэдэгъэпэл ящIу ар щехуэхьжан. Арщхьэкlэ абы ди гъащIэм щIиэ мыхьэнэр нэхъ мащIэ хуэакъым. СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1980 гъэм щыщIыпIэм и 10-м кьиящта Унафэм, 1988 гъэм щыщIыпIэм и 11-м зэхъэжькIыныгъэхэр зыхалъхьам, ипкъ иткIэ Урысейм Физкультурникым и махуэр щагъэльапIэ щыщхьэIум и етIуанэ щрбэтым.

Ди республикэм мы зэманым гупIэтэщхуэ щегъуэт физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьыным, абы щыхуэ нэхъыбэ къыхэщынымк, Республикэм и Щэжьем. Бахъсэн къалэхэм, Бахъсэн, Тэрч, Лэскэн районхэм, нэгъуэщIхэми физкультурэ-узынщагъэр щрагъэфIакIуэ Iуэхущапсэхэр, щколыщIэхэр щолажьэ, физкультурэмрэ спортымрэ я секцэхэр кьуажэ кудым щыIэщ.

Пыбжьыщ1эхэр афияным, Фэрэдим щышхьын, хабзэр къыхэпамыудын папщIи физкультурэ-спорт зэщIэхьеенымрэ мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Нужь зэманым республикэм спортымрэ физкультурэмрэ щыдихьэххэм я бжьыгъэм зэрыхэхъуэну, щIыху куэд къыщIэзыубыдэ спорт зэпеуэхэр нэхъыбэу зэрыригъэIуэкIым, екъуэпIэнитIыгъэхэ зыщIэрыгъэхъэ спортсменхэм хъаэзэрыхэхъуэм гу лъымытэу къанэркъым. Спортым зегъэужьыным игъэут гулъытэм и Iэужьщ нужьрей илъэсхэм ди спортсменхэм зыIэрагъэхьа екъулIэныгъэхэр, псом хуэмыдэу аппендэ-урым бэнэкIэмкIэ, дзюдомкIэ, атлетикэ хьэлъэмкIэ. Ди щIалэх

ЩIэныгъэлI щэджащэ Къумахуэ Мухьэдин 80

Зихуэдэ щымыIэ бзэ телъыджэ

***Пэжыр жыпIэмэ, блэкIа зэманым иту утетхыхьыну гугъуу, ди лэжьакIэм итхьэдIыным щIэджащэ, дунейпсо щIэныгъэлI цIэрыIуэ Къумахуэ Мухьэдин Iэбубчыр и къуэм. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар гъащIэм и хабзэ ткIийхэм щыщщ. Псоуэкамэ, 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м абы и ныбжьыр итхэ: 80 ирикъуагъ. И ныбжьыр ирикъуэ ныбжьыкIэ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

ПІипІ-сэлам

Рассказ

БЖЫІХЬЭ уэфІ махуэщ. И унагъуэм ис псори зэбгрыкІауэ, Хьэжмурат лІыжьым и закъуэт. Бжьыхьэ Іуэхуэхэри зэфІэкІати, тезыгъэуи лжьыигъэ гуэри ІІэтэкъым ІІо. Апхуэдэу къыщыхуихуэхэм деж Хьэжы-дадэ (хьэблэр къыззрадгэр арат) пщІантІэм къыдэкІырти, куэбжэпэм деж хуащІа тетІысхьэпІэ щыкІым тест.

Абдежым тесыху куэди илъагъурт икІи зэхихырт. БлэкІхэри къыблэжІыжьхэри къыдадзыхьыуэ къыбгъэдыхьэрти, иэхъ сабий дыдэхэм къищынэмыщІа, гуапэу сэлам кьрахьыр т, и уэрыншагъэм къыщІэупщІэхэрти зэбгрэдэкІыжьырт. Апхуэдизрэ уэрщэрэгъу уимыгъусэу ущысыныр мытынш пэтми, нэгъуэщІ кьыхуэнэжьыртэкъым дадэм.

Езы Хьэжмурат нэхърэ нэхъыщІэу, лЫкуфІ жьыхуаІэм хуэдэу, унитІ-щы къзбгъанэмэ ищхъэрэкІэ къыщыс Исуф т уэрщэрэгъу нэхъ къыхуэхьыр. Ауэ ари лэжьигъэ гуэрхэм пыщІати, куэдри зэхуэзэртэкъым. Апхуэдэу, зы махуэ гуэрым Хьэжы-дадэ и куэбжэпэм щысу, зи лэжьыгъэр нэхъ пасэу зыхуэпу къззыгъэззжа Исуф къыдоІкІуейри, къыбгъэдотІысхьэ. Іэджэми тепсэлъыхьу эдэщысым, зы машинэ хужь щыкІу лІитІым я деж къыззрысу, «пІипІ-пІипІ-пІи-и-пІ- жи1эу, къегъэкІийри, къыззтемыувыІэхъэу блож. Хьэжы-дадэ занщІэу зыкъегъаэзэри:

- Уа, Исуф, уи псалъэр фІыкІэ уІыгъ, узэпызмыуду хьэнукъым. Зыгуэр сигу кьэкІыжащи, сщІыгъупщжьынкІэ хъунущ, - жеІэ.

Исуфи хабзэмыщІэу къыщІэкІынтэкъыми, нэхъыжьым пэрыуакъым.

- СынодаІу, дадэ, - игъэувыІащ и псалъэмакъыр Исуф.

- Уэлэхьи, Исуф, мы нобэ-ныжэбэ сэ мы Іуэхум сызэригъэбампІэр, илъэс зы-тІу нэблэгъауэ къыщІэкІынмэ ар.

- Іэгъу, зиунагъуэрэ, сыту пІэрэ апхуэдизу узэгуэзыгъэпар?

- Уэлэхьи, ар уэ мыхьэнэшэ хуэдэу къыщыщхьынкІэ хъунумэ, - кьригъэжьащ Хьэжы-дадэм, - ауэ мис а машинэ щІыкІыр «пІипІ-пІи-и-пІ»-кІэ къыдэфийуэ щхъэ дблэжауэ пІэрэ жысІэу сризэгуэп.

- А-а-а! Ара мыгъуэ апхуэдиз лъандэрэ узэгуэзыгъэпыр? Иджы къыумыгъэсу сэ укъызэупщІатэмэ, бжесІэнти ар.

- АтІэ сыт хъуну ар? - Исуф и жэуапыр фІэкІыхь хъуауэ, щІэупщІащ аргуэру дадэ.

- ЗищІысыр кІэщІу бжесІэнщи, дадэ, сэлам къыдахьу аращ, сэлам, ауэ «пІипІ-сэламщ», - текъуэзауэ къыжриІащ Исуф.

Ар щызэхихым, и Іитіу баш Іэпщэм щызэтедзауэ ИыгъыМ и жьэпкъри тригъэувэжри, зы тэлайкІэ зыри хужьымыІэжу щысащ. Иужьым и щхьэр къиІэтыжри, игъэкІэрахьуэурэ: -Тобэ, тобэ, ар дауэ, ар дауэ сэлам ехьикІэ, ар дауэ хабзэ, дауи нэмыс?- - и щхьэм еупщІыж щыкІэу, и гум зэрежьэІари хэпщІыкІыу, жиІащ Хьэжы-дадэм.

- Уэлэхьи, мыхьуа ар, Исуф, мыхьуа.

Къуаншагъэ псори зыІэщІэщІар езыра фІэкІа умыщІэну, зыфІиудыжьыр лІыжьым и щхьэр. АІуандэм зыгъэпІейтея Іуэхур кьищІа щхьэкІэ, и гупсысэхэр зыкІи нэхъ тынш хъуатэкъым.

- АтІэ дэ, Исуф, ди зэманым, - кьригъжьащ дадэм, - шыкІэщ къыззэрыткІухьу щытар, уэри зэрыпщІэщи. Шым уг есу уэрамым ущрикІэкІэ, уэ нэхърэ нэхъыжь щыпІьагъуэкІэ, укъепсыхьу сэлам епхыну уи кьалэнт, арат хабзэр. А псоми дакьикъэ зы-тІу текІуэдэну аращ. Абы щхьэкІэ хабзэр бгъэкІуэдыжьынуи, мыкІасыр сыт щыхэбутэнур? Ярэби, си щІалэри исщ машинэ щІыкІым, абы и сэлам екъикІэри апхуэдэу пІэрэ? - Хьэжы-дадэр къэтэджыжьри уафэмкІэ дэпІьеящ. - Ичиныды нэмэзыр къзблэгъащ, щІалэм и кьыдыжьыгъэщ, абы сеп-сеп-эпэщІ фІыуэ, - жиІэри, Исуф кьриттыну жэуапми емыжьэу дихьэжащ.

Хьэжы-дадэ ичиныды нэмэзыр иджыри ихуатэжьым и щІалэ Резуан къыщыдыхьэжам. Аузрэ унэгуащэри, ныкъэри, еджакІэу къзрыпхьу щІыкІуэри къекІуэлІэжащ. ПщІэщхьэ хьуатІи, зэрыхабзэу, псори Іэнэм къетІысылІащ. Шхыныи хэмыІэбэ щІыкІэ унагъуэ тхъэмадэм къыщІидзащ:

- Уэ, щІалэ, зы упщІэ пхузиІэщи, абы и жэуапыр щхьэтечу къыщ.еІэ псоми зэхэтхьу.

- Сыт, ди адэ, къэхъуар? - щтэІащтаблэу, кьэуІэбкъауэ щІэупщІащ Резуан.

- Уэ мы машинэм унсу кьуажэ уэрамхэм ущыдэтым деж, адрейхэм я гугъу тщІынкъым, нэхъыжьхэм адыгэ сэламыр машинэр бгъэкІийуэ епхэр?

- Уэн-и, - кьригъэжьащ къуэм и щхьэм щІэлІахьэуурэ, - апхуэдэу къыщыхъуи щыІэм.

- АтІэ, тІасэ, пщэдей щыщІэдзауэ, сэ хьэтыр гуэр сиІэу щытмэ, апхуэдэ къыумыгъэхъу, сэлам нумыхьнкІэ Іэмал имыІэмэ, хэту щытми, къэувыІэ, кьиикІи и Іэр убыд. Аращ хабзэр зэрыщытыр. Апхуэдэу адрейхэми егъэщІ, егъасэ, - жиІащ Хьэжы-дадэм.

Резуани и адэр кьигъэгугъащ псэухукІэ а хабзэм темыкІыйну.

КІУРАШЫН Алий.

Капабланкэ и иужьрей лъагъуныгъэ

● ГъэщІэгъуэнщ

ЯЗЫНЫКЪ УЭ цыху цІэрыІуэхэм я гъуэгуанэм, абыхэм я гъащІэм повесть е роман яхуэптхыну кьалэжь. Дунейм щекІуэкІ геополитикэ щытыкІэхэм яжь щахмат гъуэздкэм зи цІэ щыІуа куэдым къащІихуащ. Шахмат джэгуным зи гъащІэр тезыухуахэм я нэхъыбэм зыІууэ гугъуехьхэм я хэщІыпІэу кьалъытэр, екъулІэныгъэ щаІэну къащІыхьыр хамэ къащІералхэрт.

Ауэ, гъэщІэгъуэнращи, Урысейм къыхуеІэхэри щыІэт икІи ар къыщыхьуар ди къэралым щытыкІэр щызэІуихыжьыбэ лъэхъэнэхэрт. Кьапщтэмэ, хамэ щЫнальэхэм щыщ шахматист цІэрыІуэ куэдым я гукъэкІыкІэ нэхъыфІхэр ди къэралым епхащ.

Нобэ щІэджыкІалІуэхэм зи гугъу яхуэтщІынур дуней псом и ещанэ чемпион Капабланкэ Хосе Рауль и щхьэпэчъуэ щыта Чыгъэду Ольгэ уэркъхэм кьаззрыхьэкІащ. Шахматист цІэрыІуэм и гъащІэр кьызэрекІуэкІам щыгъуазэ зыкъэтщІкІэрэ дэ къэтщІащ: ХХ лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм хэкъур зыбгъгынэу Европэр хэщІапІэ зыщІа Чыгъэду Ольгэ къэбэрдей адыгэ лъэпкъым я щІэлІэщ..

А зэманым зэщхьэгъуэсэхэм ятеухуа хьыбар зэхуэмыдэхэр яІуатэр т. Апхуэдизу «шахмат дунейм» пэІэщІэхэм Капабланкэ Рауль хьэп-щэн дахэ, цІыхугъэ лъагэ зыхэль дипломату къащыхьурт. Абы и зыныгъыкІэ іэмал иІэтэкъым. И Іэпкъльэпкъ зэхэльыкІэм, и зекІуэкІэм, цІыху хэтыкІэм удахьэхыр т. И нЫбжьэгъухэм сыт щыгъуи яхуэгуапэт, я Іуэхуэхэр ядиІыгъырт.

И хьэрхуэрэгъу шахматистхэм щахэтым и деж абы зэуэ зихьуэжьырт. Мыбдеж абы псэльэгъуейуэ, пагэу зыкъыщигъэпэгъгъуэрт.

Ольгэ и гугъу пщІымэ, абы бзылъхугъэм хэлъын хуей хьэл-щэн нэхъыфІ псори дэпІьагъурт. ЦІыхубзхэм я деж шахматымкІэ дуней псом япэ чемпион щыхьуа Менчик Верэ абы теухуауэ итхыгъауэ щытат: «Псэкупсэ къулеягъ ин зыбгъэдэль цІыхут а зэщхьэгъусэхэр. Сытым дежи хуабагъ гуэр кьапкърыкІыу, гушхуэныгъэ къыпхалъхьэу апхуэдэт. Ауэ псом хуэмыдэу сэ сыдахьэхат Ольгэ и дахагъэмрэ и гуакІуагъэмрэ. Абыхэм уеПІамэ, кьапщІэрт лъагъуныгъэ куу яку зэрыдэлъыр, зыр зым тегужьеикІауэ, гулыпт зэхуащІыу зэрызэдэпсэур...».

Апхуэдэ щапхъэ куэд кьыпхуэхьынущ а зэщхьэгъусэхэм ятеухуауэ. Ауэ абыхэм псоми кьаехьыр а зэщхьэгъусэхэр зэгурыІуэныгъэ зи яку дэлъ унагъуэ насыпыфІэу илъэс куэдкІэ зэрызэдэпсэуарщ.

МЕЧИЕВ Хьэдис.

СэмэгумкІэ къыщыщІэдзауэ: Чыгъэду-Капабланкэ Ольгэ, Капабланкэ Хосе Рауль, Кубэм щыщ тхакІуэ Ката Эрнандес сымэ.
Рио-де Жанейро, 1939 гъэ

Лэкэн районым хыхьэ Анзорей къуажэм щыпсэу Умэхэ Михаилрэ Раисэрэ зэрызэдэпсэурэ мы мазэм илъэс 50 ирокъу

ЗЫ УНАГЪУЭУ зэрытІысэр Михаилэ Раисэрэ зэгурыІуэри зэдэІуэжу, къуажэдэсым пщІэ къыхуащІри лэжьыгъэфІхэр я ІэрыкІыу зэдопсэу. Михаил сыт щыгъуи жэуаплныпгъэшхуэ хэльу ирихьэкІащ зыпэрыта ІэнатІэхэр. Раиси Анзорей къуажэм дэт сабий гъэсапІэм илъэс 32-кІэ гъэсакІуэу, абы щыщу илъэси 5-м а Іуэхущапэм и унафэщІу лэжьащ. НыбжьыщІэхэм гъэсныгъэ тэмэм яхэлъу, хабзэр я Іэпэгъуу къэгъэхъуным псэемыблэжу хуэлэжьащ бзылъхугъэ Іущабэр. Нобэ кьуажэдэсыр кьыхуэарэзыщ абы и «кузщІ ирилъкІа» щІалэгъуалэр гъуэгу захуэ зэрытеувам щхьэкІэ.

Анзорейдэхэм кьащІэхьэуэ щІэблэр гъэсэным и мызакъуэу, бынипІым анэ яхуэхьащІ Раисэ. Нобэ Михаилэ тхъэмадэ Іумахуэ унагъуэм я бынхуэ ФатІимэ, Іэсият, Заминрэ, Аслъэн сымэ унагъуэ щхьэхуэ-щхьэхуэу мэпсэу, абыхэм я щІэблэхэм щыгуфІыкІыу къогъуэгурыкІуэ жьыщхъэ махуэ хьуа дадэмрэ нанэмрэ.

Михаилрэ Раисэрэ я бынхэр, къуэрылъу-ныхэрылъхуэхэр яхуохьухьуэ я зэушнагъэм хэмыщІу, я гуфІэгъэгъэр балъуэу, ялэжьым пщІэ къыхущІрэ я псэм и кьабзагъэм я дунейр дэщІэращІэу жьыпІэдэс нэхъыжьыфІу куэдрэ яп итыну!

Тау Даринэ Бесльэн и пхъум и ныбжьыр илъэс 18 зэрырикъумкІэ дохъуэхъу

Узыншагъэ быдэ уиІэу, гуфІэгъуэр уи куэду, уи насыпыр изу, уи къэкІуэнур щІэращІэу, узыхьыхьэм удеІкІуу, уи щІэр фІыкІэ яІуатэу, узыщІэхьэпсыр кьохьулІэу, уи пщІэмрэ уи щІыхьымрэ уи нэхъыжьхьэр иригушхуэу гъащІэ дахэкІэ Тхьэр къыпхуэпсэну дыпхуохьэхьуэ.

Уи благъэ-Іыхьлыхэр.

● Нэщэнхэр

Бэлагъ ятхьэщІыркъым

❖**Бабыщхэм удзым зыхакухьмэ, уэлбанэ зыхунущ.**
❖ **Бэлагъ ятхьэщІыркъым, сэкІэ яупс, ятхьэнущІ.**
❖**Бжэщхьэ1ум зыгуэр щызэІэпыпхэмэ, узэщохьэ.**
❖**Бзэгупэр шхэмэ, щІы кьыптратхьэ.**
❖**Бзэлытхугъэм и щхьэщыкІэ щыпагъэлъэлъыр махуэм и хэхъуэгъуэмрэ мазэм и хэхъуэгъуэмрэт.**
❖**Вагъуэззэшиблым загъаззмэ, нэху мэщ.**

● ГушыІэ

ТхьэусыхакІуэ сокІуэ

ЗЫГУЭР илъэситху и пэкІэ къищэхуа уиэмрэ щІалІэмрэ къезыщам Ыридзэжьыиуэ ешыкъэжьырт. Зи унэ къыщхьэуаз щыта щІыхубзым щыхьауэ зэхэзыха псори къызэхуэсащ:

- Сыт хьэдыгъуэдахэ, на-а, пщІэр? - игъэщІагъуэрт фызхэм.

- Уэлэхьи, дыбогъэхКІытэмэ, емыкІу дыдэщ, Іэгъу, а пщІэр! КхьыІэ, дыиолъэІу ди цІыхухъу напэр тумых! - жаІэуэрэ зыхуагъаззрт лІыхэми.

Ауэ хьэщхьэрэІуэ ХьэлИ ихьа ахьмакъыр:

- СыкьинтэщІащ сэ абы, щІапІэм ит жыгхэри мэгъу, унэри жьы мэхъу! - жиІуэрэ кІийрт.

Кьуажэдэсхэм нэхъ Іущ дыдэу ябж Дизыкъуажэ зыри жимыІэу зэрыщытыр псоми ягъэщІагъуэрт. Зи унэ къыщхьэуаз щыта щІыхубзым щыхьауэ зэхэзыха псоми ягъэщІагъуэрт. Зыгуэрым хуэмышэчыжьхуэ абы зыхуигъэзащІ:

- Мо кьомыр щІыгъэрыгъехьэм щхьэкІэзыри жьыПІэркьымы уэ, уи мыхабзэу сыту зыпшыІэфрэ нобэ, Дизыкъуажэ?

- Сэ иджыпсту сыхущІыхьэркъыми аращ.

- Сыту?

- ТхьэусыхакІуэ сокІуэ.

- Дэнэ?

- Уэлэхьи, кьуажэ советым сокІуэмэ. Си фызыжьыр изгъэкІыжьынущ. Сыщыуаг: къыщысщІэм зэн жьы мыхъун си гуГъа щхьэкІэ, зы махуэм нэхърэ къыкІэлъыкІуэм нэхъ жьы мэхъу. Ар сэ си псэм схутемыгъахуэу аращ. Естыжьынущ зейм!

Дизыкъуажэ и псалъэхэр зэхэзыха псори ину дыхьэшхащ, лІы ахьмакъым фІэкІ къэмынэу.

ЖЫЛАУ Нурбий.
Адыгэ псалъэ.

● ЖыІэгъуэхэр

Нэгум щІэкІыр гум къонэ

■ УмыщІэр щхьэм зэрыщІэпластхьэ Іэщ1агъэщ.
■**ЩІэныгъэлым ищІэр кьомэщІэкІ: кьищІэну зыхуэщІэкъум и щІэдзапІэщ.**
■ Іупсысэ чэнжьр псалъэ дах эм нэхъри фаджэ щохьэкІ.
■ **Чэфым зызыпІыбдз хьуэнри къуидзыни, уи нэр кьызыхуикІ хьуэхъукІи ущІигъэнэни, ауэ пэжыр кьыбжимыІэн лъэкІыжьынкъым: губжэм хьэлъкъыу фІэдза бзаджагъэр фадэм зыщІефри, гур зэІуГъэуэзщІыкІауэ кьонэ.**

БЕЙТГЫЪУЭН Сэфарбий.

● Псалъэжьхэр

ЖьакІэр хужь хъумэ...

♦ Жэм пыдзэрей кьуагуэ мэхъу.
♦ Жеймрэ гугъэмрэ адэ щІэныфІщ.
♦ ЖьакІэр хужь хъумэ, фЫцІэ хъужьыркъым.
♦ И адэм и щэн и къуэм кьыхуохуэ.
♦ КхъуэщІныжь пэтрэ зэ мэкъутэж.
♦ Къуэпсыр мажэри, жьыжьэм кьыщокІ.
♦ Лыр къэмывэу лэпс кьыщІыркъым.
♦ Мэлищэ щІакъуэншэ хъурэ?
■Зыхуэмейр зэхэзымыхьым узыхуэмейхэр зэхех.
■КІэбгъ у зызыщІыр утыку мэхъу.
■Мывэ хьурей ипэкІэ бгъажэмэ, абрэмывэу кьыптокІэрэхьуэж.
■Нэгум щІэкІыр гум кьонэ.
■Псыр псоми зэдайщ, бдзэжьейр - ешэм ейщ.
■Уэрых уэныкъуэр нэхъыбэ хьуху, кьыпІэу зныкъу эм кІэроху .
■Уэщхь ух уэрэмэ, зыбоцІыхуж.
■УэрыщІгуъ шэ чыгъу ейщ.
■ Уи ныбэ зыуэ зиэу Іэфі щыІэкъым.
■Уи щхьэм кьыдэбгъэкІуейр кьытонэ - пхуэфащщ.
■ФЫцІэм пэпльэрэгъ, губгъэн къаХ.
■ЦІэ имыІуэм цІэ лей щхьэусыгъуитІкІэ фІащ; зыр гъафІэбзэщ, адрейр щІагъыбзэщ.
■Щыхур щыкІмэ, лъэбакъуэхьуу мэуб, кьыпрэрыгъуэн хуэзэмэ, хъэмбыуРи ЮэзгъэІ.
■Іуэху зэмылІэлІам зыхуущІэмыхьа фІащыж.

● ГъэщІэгъуэнщ

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **4.** Гъущхэкі лъапІэ. **9.** Шыр нэхъ хуабжьу яГъэкІуэн хьисэпкІэ шырыкъу лъэдакъэм кІэралъхьэ. **10.** ЕрысыкыкІэ нэпсей. **14.** Унагъуэ псэущхьэ. **15.** Жэм бу ... **16.** Шыбжий фІыцІэм нэгъуэщІу зэрредж. **17.** Бжэныфэм къыхащІыкІ къэп. **18** Адыгэ сабийхэм папщІэ къыдагъэкІ журнал. **19.** Мэкъу ... е сабий ... **21** Пластэ зэрапщ пхъэ хьэнцэ щыкІу. **22.** Сату щащІ зэхьыхьэщхэ. **27.** Жьыжьэр гъунэгъуу уззыгъэпльагъу. **28.** Аруан районым щыщ къуажэ. **31** Азиэ Ипщэм щыпсэу джэд дахэ лъэпкъ, и къабзийхэр дыщафэ-къуэлэну (Налшык зоопаркым апхуэдэ ищІ). **33.** ФІэІуГъэ щыщэхахьхьэкІэ къагъэсэбэп ткІуагткІуэ. **35.** МафІэр ину щыдалъдейдэ къыпІэк. **37.** Зи тхьэмпхэр кьабзийм ещхь жыг быдэ лІэужьыгъуэ. **38.** Хадзэм зэрилэжьыхь Іэмэпсымэ. **40.** Нартхэм я ГъуКІэ. **41.** Хэку зауэшхуэм лІыгъэ щызезыхьа адыгэ усакІуэщхуэ. **42.** Кьамэ Іэпщэр зэрагъэщІэращІэ фІыщІагъэ. **45.** Гъурщым кьыпІыкІэ пхъэщхьэмыщхьэ. **46** Зи купсэр яшхуда сыр лІэужьыгъуэ. **48.** «Куэсэ ... умыщІ».

Къехьу: **1.** Псым и адрей Іуфэ. **2.** Пхъэ сахуэ. **3.** Жыг лъэдий гъум, укъуэнщІауэ. **5.** Ирипыджэу фочыпэм палъхьэ.**6** . Бжэныфэм къыхащІыкІ Іуданэ. **7.** Вакъэ лъапІэ кІыхь. **8**. Бдзэжьей лІэужьыгъуэ. **11** «Си ... кьэлъагъуи си лъэІур къыСхуэщІэ». **12.** Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, жэмыш щІэрыІуэ Пащтэ ... **13**. Гъэгум иІэ кумблэмб. **20.** Дрбзэр Іэмэпсымэ.**21**. Гъатхэм пасэу къэлъэтэж къуаелэбзу. **23** СомфІыцІэм щай къыхэбдзмэ, дахуэдизщ кьанэр. **24** ЩІэпым къыхащІыкІ. **25** Уэз пліапэнэхэм дицІэ хьэпщхупщ. **26**. Зеиншэ. **29**. Дзэлыхьуэ щІынапІэм щыщ къуажэ **30**. МусПЫмэн диным зэрыжкИэмкІэ, дунейм ехьжаехэр къагъэтэджыжу псапэрэ гуэныхьу ящІар щІэзэхагъэкІ махуэ. **32**. ПкІатэ-ІьатэУ къэзыкІуэ псэущхьэ щІыкІу. **34**. Жьэуи ГъэгуІуэ. **36**. Адыгэ драматургэ цІэрыІуэ. **37**.Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университым и унафэщІу щыта.**39**. НэкІум, щІыкІэм иІэ зэлъагъэ.**43**. АбыкІэ хьэм уеуэми гъынкъым. **44**. «... умыжъуу кьуажэ ухъунукъым».**47**. Литературэ тхыгъэ.

Зэхэзыльхьар
МЫЗ Ахьмэдэщ.



Шыщхьэ1ум и 2-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екіуэкіыу : **3.** Пщыхьэщ1э. **8.** Ерчэн. **9.** «Хьэтау». **10.** Умэ. **11.** Гудзэ. **12** Батыр. **14** Шэджэм. **17.** Жэмыхьэт. **21.** Дипщэу. **22.** ХьэпащІэ. **23.** «ПщэпІэ». **24.** Хьымыщ. **28.** «НысащІэ». **29.** Дэбагъуэ. **30.** НатІэгъуджэ.**37**. Пашэн. **38**. Кьэзан. **39.** КІыщ. **40** Щам. **41** Щыгъын. **42**. Шэрэдж. **43**. «Къуэпсхэр».

Къехьу: **1.** Аруан. **2**. Хьэмыку. **4**. Щомахуэ.**5**. «ЩІэздзапІэ». **6**. Мэлэч. **7**. ЩІауэжь. **13**. «Мцыри». **15**. Адэжьнэ. **16**. Гъупщ. **17**. Жумэрэн. **18**. Тхьэмадэ. **19**. КІуащ. **20**. «ПІьагапІэм». **25**. Псэ. **26**. ГупэІуПъ. **27**. Хьан.**31**. Акъсырэ. **32**. ДжэгуакІуэ. **33**. МацІыкъ. **34** Былым. **35**. ЩІэбэт. **36**. Данэху.

● Къуажэхьэр

Ныбэф псафэрей

◆МыкІуэф, мыфий, алащэ, щэныбэ.
◆НатІэрыдз, лъэрыдзыр, уеуэ пэтми мыуз.
◆Нэхуми кІыфІми щымыуЗжь у.
◆Ныбэф псафэрей.
◆Пшапэр зэхэуэмэ, дыщэхуранкІэ, нэху кьызэрекІыу дунейм текІыж.

Жэуапхэр:
Мэкъу 1гъэ. Топ. Жьы. Гуэлэн. Уэз дзыгъэ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖЬэкІымыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаев Маринэ, Льостэн Муэ, Ныбэжь Таиса, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешІэ-пІэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьыкІуэ Іуэхуэщ1апІэхэм я дэлажьэныжьмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; суэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аехэр зытхахэм пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуу зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьынкІэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыпымкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м

№Н-0065-м щІэту яТхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

КъБР-м ЩІэныгъэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэжІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкІ Соня, редактору ЖьэкІымыхьу Маринэ, корректорхэу Афэ Тамарэ*(3, 4, 6-нэ нап.)*, ПхытІыкІ Юрэ *(1, 2, 5-нэ нап.)*, корректорхэм я дзЭпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *Компьютерхэр газетым и теплъэр ящІащ:* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианэ, *суэттыщІ* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.008● Заказ №2679

Адыгэ лъэпкъ

Псалъэжь Тхьэгъэлъ Къасэ ейщ
Мокъамэр Сигуэ Данил ейщ



Ди дъэпкъ Іумахуэу адыгэ лъэпкъыр,
Хабзэр я бзыпхъэу тетщ дуней псом.
Къаджэм пэджэжу, жанщ и Іэнпкъгъэпкъыр,
Зэбын-зэуныр, зэпсэу здопсэу.

Ежьу:

Маржэ, ди щІэбдзэу,
Лъэпкъым и набдзэ,
Адыгэ хабзэр
Фи псэу фыпсэу.
Кьытщ1эхъуэ щІэблэр
Лъэпкъым и набдзэм, -
Хабзэ дахащэм
Дэ дропсэу.

Ди дыгъэ-щыгъэу, ди сабий Іэфіхэр,
Гъащ1эпсэ нэгуу тетхэщ дунейм.
Ди хабзэзехьу ди нэхъыжьыфІхэм,
Щ1эблэм я дахэр хьэлкІэ доплъей.

Ежьу:

Уей, жьІэ нобэ, ди лъэпкъгъэгушхуэ,
Іыгъэ Іэужьыр псэкІэ зыгъэш!
Ди цыкІуи нни Іуэхум гугушхуэу,
Уощ1 уаІупльамэ, псэкІэ зэкъуэш.

Ежьу:

Уо-ри-рэ, уо, уо-ри-рэ, уо!
Адыгэ хабзэу, хабзэ дахащэм
Дэ дропсэу!